

## VI. KALIMAH RANGKEPAN

### A. TUJUAN PEMBELAJARAN

Mahasiswa mibanda pangaweruh anu jugala ngeunaan kalimah rangkepan basa Sunda katut pangajaranana. Tujuan husus anu kudu kahontal tina ieu pangajaran, nya eta mahasiswa mampu:

- (1) ngeceskeun watesan kalimah rangkepan;
- (2) ngeceskeun rupa-rupa kalimah rangkepan
- (3) ngeceskeun kalimah ngantet; jeug
- (4) ngeceskeun kalimah sumeler.

### B. AMBAHAN BAHAN AJAR

Bahan ajar anu bakal dipidangkeun dina ieu lawungan atawa pajemuhan patali jeung opat perkara kayaning (1) watesan kalimah rangkepan, (2) rupa-rupa kalimah rangkepan, (3) kalimah ngantet; jeung (5) kalimah sumeler. Wincikan tiap-tiap bahan ajar dibabarkeun di handap ieu.

#### 1. Watesan jeung Wangun Kalimah Rangkepan

Kalimah rangkepan nya eta kalimah anu sakurang-kurangna diwangun ku dua klausa atawa dua kalimah salancar. Sabada dikantetkeun, klausa-klausana aya nu sarua darajatna aya nu henteu. Kalimah rangkepan anu klausa-klausana sadarajat atawa satata disebut kalimah ngantet, ari klausa-klausana anu teu sadarajat disebut kalimah sumeler.

#### 2. Kalimah Ngantet

Kalimah ngantet (sok disebut kalimah ngantet satata) nya eta kalimah rangkepan nu diwangun ku sakurang-kurangna dua klausa anu sadarajat, tanpa klausa kauger. Klausa-klausana dikantetkeun ku kecap panyambung satata (konjungsi koordinatif).

Ditilik tina patali harti antarklausana, kalimah ngantet satata bisa diwincik jadi genep rupa, nya eta:

(1) Kalimah Ngantet Satata ‘Jumlahan’

Ieu kalimah ngantet teh dijentrekeun ku kecap panyambung *jeung, jeung deui, sarta, tur, katut, katambah-tambah, turug-turug, boh...boh..., nya...nya..., jaba ti, lian ti, kitu deui*. Contona:

Anjeun teu kudu popolototan sagala, *jeung deui* keur naon make pipilueun kana urusan batur.

(2) Kalimah Ngantet Satata ‘Lalawanan’

Ieu kalimah ngantet teh dijentrekeun ku kecap panyambung *tapi, ari, ngan, padahal, nanging, sedengkeun*. Contona:

Enya nyeungseurikeun mah, *tapi* teu rumasa dewek nangtang ka urang kaum.

(3) Kalimah Ngantet Satata ‘Pilihan’

Ieu kalimah ngantet teh dijentrekeun ku kecap panyambung *atawa, atanapi, boh... atawa ...* Contona:

Dahar teh rek ayeuna atawa rek engke wae?

(4) Kalimah Ngantet Satata ‘Tumuluy’

Ieu kalimah ngantet teh dijentrekeun ku kecap panyambung *tuluy, teras*. Contona:

Ari basa di pamandian silaing nyeungseurikeun dewek, *tuluy* nangtang urang kaum.

(5) Kalimah Ngantet Satata ‘Sinambung’

Ieu kalimah ngantet teh dijentrekeun ku kecap panyambung *beuki...beuki..., mungkin...mungkin...* Contona:

Budak teh *beuki* gede *beuki* goreng hate bae.

(6) Kalimah Ngantet Satata ‘Panandes’

Ieu kalimah ngantet teh dijentrekeun ku kecap panyambung *malah, malahan, samalah, malih*. Contona:

Menehna teh henteu ngan ukur bageur, *malah* balabah deuih.

### 3. Kalimah Sumeler

Kalimah sumeler (sok disebut kalimah ngantet seler-sumeler) nya eta kalimah rangkepan nu diwangun ku sakurang-kurangna dua klausa nu

teu sadarajat; salahsahiji klausana ngabogaan sipat bebas tur jadi klausa lulugu (indung kalimah), ari klausa sejenna sipatna kauger tur jadi klausa seler (anak kalimah).

Dina kalimah sumeler, klausa seler nyicingan salahsahiji fungsi tina klausa lulugu atawa katerangan kana salahsahiji unsur klausa lulugu. Ku kituna, klausa seler teh bisa mangrupa jejer, objek, panglengkep, atawa katerangan.

1) Klausa seler mangrupa k(aterangan). Contona:

*Sabot kuring maca, adi kuring ngagambar kuda.*

2) Klausa seler mangrupa jejer. Contona:

Dicaritakeun ku manehna yen eta carpon teh nyaritakeun dirina sorangan.

3) Klausa seler mangrupa o(bjek). Contona:

Manehna nyebutkeun *yen urang hirup teh ukur ngumbara.*

4) Klausa seler mangrupa pa(nglengkep). Contona:

Manehna nyahoeun *yen kuring teh aya pikir kadua leutik.*

5) Klausa seler mangrupa Pangwates/atr(ibus). Contona:

- Budak *nu indungna dibawa ka dokter* teh ceurik bae.

Nilik kana patali harti antara klausa seler anu mangrupa katerangan jeung klausa luluguna, kalimah sumeler bisa diwincik jadi 11 rupa.

(1) Kalimah sumeler ‘waktu’

Klausa-klausana dikantetkeun ku kecap panyambung *basa, waktu, sabot, keur, salila, memeh, samemeh, sanggeus, sabada, bada, ti barang, nepi ka, saban, saban-saban, unggal, unggal-unggal.* Contona:

*Sabada solat Asar, kuring gesat-gesut dangdan.*

(2) Kalimah sumeler ‘sarat’

Klausa-klausana dikantetkeun ku kecap panyambung *asal, bisi, dapon, lamun, mun, mun seug, umpama, saupama.* Contona:

*Mun maneh hayang lauk, ngala ku sorangan ka balong.*

(3) Kalimah sumeler ‘tujuan’

Klausa-klausana dikantetkeun ku kecap panyambung *ambeh, ngarah, sangkan, supaya, malah, malahmandar*. Contona:

Sisi walungan kuring singkil heula, *sangkan calana teu kabaseuhan*.

(4) Kalimah sumeler ‘sabab’

Klausa-klausana dikantetkeun ku kecap panyambung *alatan, bakat ku, bubuhan, da, dumeh, ku sabab, ku lantaran, lantaran, pedah, sabab*. Contona:

Kuring muru deui kamar, *sabab kadenge Si Ujang jejeritan*.

(5) Kalimah sumeler ‘akibat’

Klausa-klausana dikantetkeun ku kecap panyambung *akibatna, antukna, balukarna*. Contona:

Kentengna peupeus *akibatna cai asup ka jero imah*.

(6) Kalimah sumeler ‘cara’

Klausa-klausana dikantetkeun ku kecap panyambung *bari, kalawan, tanpa, kalayan*. Contona:

Pa Wiatma ngabalieur *bari leungeunna nyabakan dada*.

(7) Kalimah sumeler ‘guna’

Klausa-klausana dikantetkeun ku kecap panyambung *keur, pikeun, kanggo, geusan*. Contona:

*Pikeun ngajentrekeun eta pasualan*, urang kudu macaan heula buku sumberna.

(8) Kalimah sumeler ‘iwal’

Klausa-klausana dikantetkeun ku kecap panyambung *iwal, iwal ti, kajaba, kajabi*. Contona:

Abdi mah teu wantun nyekel-nyekel acan *kajabi abdi dipercanten ku Aceuk pikeun ngurus murangkalih*.

(9) Kalimah sumeler ‘babandingan’

Klausa-klausana dikantetkeun ku kecap panyambung *asa, bangun, jiga, siga, kawas, saperti*. Contona:

Ku naon maneh teh teu daek cicing *kawas hayam keur kumahkar bae*.

(10) Kalimah sumeler ‘undak’

Klausa-klausana dikantetkeun ku kecap panyambung *boro-boro, bororaah, boroampar*. Contona:

*Boro-boro datang, nyuratan oge henteu Ani teh.*

(11) Kalimah sumeler ‘tansarat’

Klausa-klausana dikantetkeun ku kecap panyambung *najan, sanajan, sanaos, sangkilang, cacakan, parandene kitu*. Contona:

*Sanajan diburuhan oge, kuring mah moal daek.*

(12) Kalimah sumeler ‘pangjentre’

Klausa-klausana dikantetkeun ku kecap panyambung *nu jeung anu*. Contona:

*Kuring sumuju ka Gusti Nu Mahasuci anu parantos nuduhkeun jalan hirup pikeun kuring.*

(13) Kalimah sumeler ‘panglengkep’

Klausa-klausana dikantetkeun ku kecap panyambung *yen*. Contona:

*Kuring inget yen manehna teh rek datang.*

### C. RANGKUMAN

Kalimah rangkepan mangrupa wangun kalimah anu disusun ku dua klausa atawa leuwih. Kalimah rangkepan anu diwangun ku dua klausa bebas atawa leuwih disebut kalimah ngantet. Kalimah rangkepan anu diwangun ku sakurang-kurangna hiji klausa bebas jeung hiji klausa kauger disebut kalimah sumeler. Contona:

*Dahar teh rek ayeuna atawa rek engke wae?*

*Basa datang, manehna imut.*

Kalimah ngantet biasana dicirian ku kecap panyambung satata (koordinatif). Disawang tina kecap panyambungna, aya rupa-rupa kalimah ngantet, di antarana, kalimah ngantet (1) jumlahan, (2) lalawanan, (3) pilihan, (4) tumuluy, (5) sinambung, (6) panandes.

Kalimah sumeler biasana dicirian ku kecap panyambung sumeler (subordinatif). Diswang tina patali harti antara klausa lulugu (bebas) jeung klausa seler (kaugerna), aya rupa-rupa kalimah sumeler, di antarana, nya eta kalimah sumeler (1) waktu, (2) sarat, (3) tujuan, (4) sabab, (5) akibat, (6) cara, (7) guna, (8) iwal, (9) babandingan, (10) undak, (11) tansarat, (12) pangjentre, jeung (13) panglengkep. Klausa seler dina klausa lulugu bisa nyicingan fungsi jejer, udagan, panglengkep, atawa katerangan.

#### **D. LATIHAN**

1. Naon anu jadi ciri kalimah rangkepan?
2. Tetelakeun bedana kalimah ngantet jeung kalimah sumeler!
3. Sebutkeun rupa-rupa kalimah ngantet!
4. Contoan kalimah ngantet jumlahan jeung tumuluy!
5. Sebutkeun rupa-rupa kalimah sumeler!
6. Tetelakeun bedana klausa lulugu (indung kalimah) jeung klausa seler (anak kalimah)!
7. Contoan kalimah sumeler waktu, sarat, jeung guna!
8. Contoan klausa seler anu nyicingan fungsi subjek jeung katerangan!
9. Tangtukeun mana klausa lulugu jeung klausa selerna tina kalimah ieu di handap?  
*Manehna teu daek datang padahal diundang.*
10. Fungsi naon nu dicicingan ku klausa seler dina kalimah ieu di handap?  
*Dijelaskeun ku kuring yen eta kajadian teh teu dihaja.*